

AVI POU DOKIMAN KI ANREJISTRE - PWOGRAM

Kisa YON “Avi pou Dokiman Anrejistre” ye?

Se yon avi nou voye ba abòne ki anrejistre yo chak fwa nou anrejistre yon papye notarye, yon dokiman ki gen pou wè ak yon papye notarye, yon ipotèk, yon dokiman ki gen pou wè ak yon ipotèk konsènan yon sèten pwopriyete ki nan Vil New York. Ou dwe anrejistre pou resevwa avi a. Pwopriyete pwopriyete yo ak ajan yo (tankou timoun, madanm/mari, oswa patnè nan kay pwopriyete a si yo se yon moun ou chwazi), ajan jesyon an, avoka pwopriyete kay la, moun ki gen dwa privilèj la, oswa egzekitè/administratè byen imobilye pwopriyete a oswa moun ki posede dwa privilèj pwopriyete a ta dwe anrejistre pou yo resevwa avi sou dokiman ki anrejistre konsènan pwopriyete a. Anjeneral, n ap bay avi a jou apre nou anrejistre yon dokiman. **Nòt: Depatman Finans (Department of Finance) gen obligasyon pou anrejistre tout dokiman ki satisfè kondisyon anrejistreman yo.**

Pou Kisa Mwen Ta Dwe Anrejistre pou Resevwa Avi?

Resepsyon yon “Avi pou Dokiman ki Anrejistre” ap bay yon avètisman pou pwopriyete pwopriyete yo lè nou anrejistre dokiman yo san yo pa konnen, epitou sa ap pèmèt yo fè etap pou limite dega anrejistreman yon dokiman ki gen fwod ap lakòz.

Kijan Pou Mwen Anrejistre?

Li fasil ak rapid pou anrejistre. Anrejistre sou entènèt depi ou ale sou sitwèb Depatman Finans, www.nyc.gov/finance, oswa sou sitwèb ACRIS, www.nyc.gov/acris epi klike sou liyen “Recorded Document Notification” (Avi pou Dokiman ki Anrejistre). Ou kapab anrejistre depi ou itilize adrès pwopriyete ou oswa blòk minisipalite a ak nimewo pasèl la. Ou ka soumèt yon fòm aplikasyon “Avi Dokiman ki Anrejistre pa Lapòs”, ki disponib sou sitwèb nou oswa depi ou rele 311.

Èske Mwen Kapab Anrejistre pou Resevwa Avi pou Plis Pase Yon Pwopriyete Alafwa?

Non. Ou dwe anrejistre apa pou chak pwopriyete.

Èske Gen Nenpòt Frè pou Mwen Peye Lè M ap Anrejistre?

Pa gen frè pou peye pou anrejistre oswa pou resevwa yon avi nou voye nan imèl oswa nan kourye regilye lapòs. Men, ou ka peye tarif pou mesaj nan tèks (tanpri kontakte konpayi ou).

Konbyen Tan Anrejistreman Mwen Ap Dire?

Anrejistreman ou ap rete anvigè jouk lè ou chwazi pou pa resevwa avi yo.

Kisa Mwen Ta Dwe Fè Si Mwen Pa Vle Resevwa Enfòmasyon Ankò Sou yon Pwopriyete Patikilye?

Ou dwe “efase” enfòmasyon sou anrejistreman ou depi ou ale sou sitwèb Depatman Finans, www.nyc.gov/finance, oswa sou sitwèb ACRIS, www.nyc.gov/acris epi klike sou liyen “Recorded Document Notification” (Avi pou Dokiman ki Anrejistre). Ou ka efase anrejistreman ou tou depi ou soumèt yon fòm aplikasyon “Avi Dokiman ki Anrejistre pa Lapòs”, ki disponib sou sitwèb nou oswa depi ou rele 311.

Èske M ap Resevwa Avi pou Chak Dokiman ki Anrejistre sou Pwopriyete a?

Non, n ap voye yon “Avi pou Dokiman ki Anrejistre” ba ou sèlman lè nou anrejistreman dokiman ki endike anba la yo:

Papye Notarye ak Dokiman ki Gen pou Wè ak Papye Notarye

- Akò
- Dwa Ayeryen
- Pwosedi Kondanasyon
- Deklarasyon pou Kondominyòm
- Papye Notarye Konfimasyon
- Kontra pou Lavant
- Papye Notarye pou Koreksyon
- Lòd Tribinal
- Papye Notarye
- Papye Notarye kont yon Bagay
- Jijman
- Papye Notarye sou Byen Imobilye
- Memorandòm Kontra
- Pwokirasyon
- Papye Fidisi pou Envestisman nan Byen Imobilye
- Anilasyon Pwokirasyon
- Akò Diferan
- Afektasyon Inite

Ipotèk ak Dokiman ki Gen pou Wè ak Ipotèk

- Akò
- Ipotèk Kolateral
- Ipotèk Koreksyon
- Lòd Tribinal
- Premye UCC1 (etadkont finansman)
- Jijman
- Ipotèk
- Ipotèk ak Konsolidasyon
- Akò Epande Ipotèk
- Satisfaksyon Ipotèk
- Sibòdinasyon Ipotèk
- Ipotèk Diferan

Èske yon Pwopriyete (oswa moun li chwazi) yon Inite Apatman Koperativ apa oswa Pwopriyete a Tan Pataje Ta Dwe Anrejistre?

Li pa rekòmande pou yon pwopriyete (oswa moun li chwazi) anrejistre paske inite apatman koperativ apa yo oswa pwopriyete a tan pataje yo pa gen yon blòk inik ak yon nimewo pasèl. Si yon pwopriyete (oswa moun li chwazi) yon inite apatman koperativ oswa Pwopriyete a Tan Pataje anrejistre pou resevwa avi yo, anrejistremman an kapab la sèlman pou tout bilding nan. Moun ki anrejistre a ap resevwa yon Avi pou Dokiman ki Anrejistre k ap afekte bilding nan alapas yon inite apatman apa oswa yon pwopriyete a tan pataje apa. Sa ka lakòz yon gwo kantite avi ki pa nesèsè.

Kisa Mwen Ta Dwe Fè si Mwen Resevwa yon “Avi pou Dokiman Anrejistre” epi Pwopriyete a nan Manhattan (Konte New York), Bronx, Brooklyn (Konte Kings), oswa Queens?

Ou ta dwe:

1. Ale sou sitwèb la nan www.nyc.gov/acris epi klike sou “Search Property Records” (Chèche Dosye Pwopriyete).
2. Antre minisipalite a, blòk ak nimewo pasèl pwopriyete a epi answit ou kapab revize dokiman ki lakòz ou te resevwa yon “Avi pou Dokiman Anrejistre.” (Si ou pa gen aksè nan yon òdinatè ou ka ale nan youn nan biwo Rejis Vil la ki endike anba la yo.)
3. Si ou posede pwopriyete a avèk yon lòt moun/kèk lòt moun, ou ka vle kontakte yo pou konnen si lòt moun nan/lit moun yo okouran dokiman ki lakòz ou te resevwa avi a.

Kisa Mwen Ta Dwe Fè Lè Mwen Resevwa yon “Avi pou Dokiman Anrejistre” epi Pwopriyete a nan Staten Island (Konte Richmond)?

Si pwopriyete a nan Staten Island, ou dwe ale nan Biwo Grefye Konte Richmond pou wè yon kopi dokiman ki anrejistre a.

Kisa k ap pase apre mwen anrejistre pou resevwa avi yo?

Imedyatman apre ou anrejistre, w ap resevwa yon imèl ki kreye otomatikman k ap konfime ou te chwazi pou resevwa avi nan imèl kèlkeswa lè nou anrejistre dokiman konsènan BBL ki antre a. Si ou pa resevwa imèl sa a nan 15 minit, tanpri verifeye si ou te antre adrès imèl kòrèk la. Si adrès imèl ou te antre a (dapre paj-ekran konfimasyon an) pa kòrèk, ou ta dwe anrejistre ankò pou resevwa avi yo avèk adrès imèl ki kòrèk la. Si ou te itilize adrès imèl kòrèk la, tanpri tcheke imèl endezirab tankou lojisyèl anti-pouryèl ak filtraj imèl ou ka louvri kapab pètèt lakòz imèl sa yo rive nan repètwa imèl endezirab ou. Pou anpeche imèl sa yo fè menm bagay la, tanpri ajoute acrisnrd@finance.nyc.gov nan lis ekspedite fyab ou yo. Si adrès imèl ou te antre a kòrèk epi si imèl la pa nan repètwa imèl endezirab ou, ou ta dwe rele 311.

Si ou te mande anrejistremman avi pou yon BBL, lè sa a apati jou w ap resevwa avi pou anrejistremman an na imèl ou lè nou anrejistre nenpòt papye notarye, dokiman ki gen pou wè ak papye notarye, oswa dokiman ki gen pou wè ak ipotèk konsènan BBL la. Imèl la ap gen yon referans nan dokiman nou anrejistre (yo) nan jou anvan an.

Si ou anrejistre lè ou soumèt yon aplikasyon pou “Avi Dokiman Anrejistre pa Lapòs”, w ap resevwa yon konfimasyon anrejistremman an pa lapòs epi w ap resevwa avi yo pa lapòs kèlkeswa lè nou anrejistre dokiman konsènan BBL ou antre a. Si ou pa resevwa konfimasyon an nan de semèn, ou ta dwe rele 311.

Kisa k ap pase apre mwen mande pou efase anrejistremman mwen?

Imedyatman apre ou mande pou efase anrejistremman ou, w ap resevwa yon imèl ki kreye otomatikman k ap konfime ou te chwazi pou resevwa avi nan imèl kèlkeswa lè nou anrejistre dokiman konsènan BBL ki antre a. Si ou pa resevwa imèl sa a nan 15 minit, tanpri verifeye si ou te antre adrès imèl kòrèk la. Si adrès imèl ou te antre a (dapre paj-ekran konfimasyon an) pa kòrèk, ou ta dwe anrejistre ankò pou resevwa avi yo avèk adrès imèl ki kòrèk la. Si ou te itilize adrès imèl kòrèk la, tanpri tcheke imèl endezirab tankou lojisyèl anti-pouryèl ak filtraj imèl ou ka louvri kapab pètèt lakòz imèl sa yo rive nan repètwa imèl endezirab ou. Si ou chwazi pou efase yon anrejistremman ki la deja pou yon BBL ak nenpòt papye notarye, dokiman ki gen pou wè ak papye notarye a, ipotèk, oswa dokiman ki gen pou wè ak ipotèk nou anrejistre konsènan BBL nan jou ou te mande pou efasman an, w ap resevwa yon avi nan imèl; men, ou p ap resevwa avi pou nenpòt lòt anrejistremman sof si ou anrejistre ankò.

Si ou mande pou efase anrejistremman an lè ou soumèt yon aplikasyon pou “Avi Dokiman Anrejistre pa Lapòs”, w ap resevwa yon konfimasyon pa lapòs k ap endike ou te chwazi pou pa resevwa avi yo ankò kèlkeswa lè nou anrejistre dokiman konsènan BBL ou antre a. Si ou pa resevwa konfimasyon an nan de semèn, ou ta dwe rele 311.

Apri Mwen Revize Dokiman an, Kisa Mwen Ta Dwe Fè?

1. Si ou okouran dokiman nou anrejistre a epi si li kòrèk, ou pa bezwen fè okenn lòt etap.
2. Si dokiman an pa kòrèk oswa si ou pa t konnen dokiman an, rele 311. Si ou rele pandan ou deyò Vil New York, rele nimewo 212-NEW-YORK oswa 212-639-9675. Repezantan sant apèl la ap kapab voye ou nan ajans apwopriye a pou ede ou rezoud pwoblèm ou.

Avètisman

Depatman Finans pa gen okenn obligasyon pou bay avi dokiman anrejistre ou mande yo anrapò avèk pwopriyete ou anrejistre pou resevwa avi a. Minisipalite Vil New York, ansanm avèk Depatman Finans ak Grefye Konte Richmond, pa gen okenn obligasyon poutèt yo pa pran responsablite legal yo pou anrejistre dokiman yo, menmsi yo detèmine dokiman yo nan kèk egzanp gen erè, gen fwod oswa pa valab annapre.

Depatman Finans • Divizyon Anrejistreman Teren • Adrès Rejis Vil la

MANHATTAN

**66 John Street, 13th Floor
New York, NY 10038**

BRONX

**3030 Third Avenue, Room 280
Bronx, NY 10455**

BROOKLYN

**210 Joralemon Street, Room 2
Brooklyn, NY 11201**

QUEENS

**144-06 94th Avenue
Jamaica, NY 11435**

BIWO GREFYE KONTE RICHMOND

**130 Stuyvesant Place
Staten Island, N.Y. 10301**